



When your child needs a hospital, everything matters.<sup>SM</sup>

## KONT PASYAN - FAKTI LOPITAL Politik ak Pwosedi

<b>Tit Politik la: ASISTANS FINANSYÈ</b>	Dat li a Aplikasyon 01/01/2016
Seksyon: Sèvis Finansye pou Pasyan	Dat Revizyon: 17/4/2017, 4/12/2017, 7/3/2019, 15/10/2019, 19/11/2019, 1/1/2021, 1/1/2022, 1/1/2023, 12/10/2023, 1/1/2024. 1/1/2025

### OBJEKTIF AK LIMIT:

Objektif politik sa a se pou tabli pwosedi estanda pou detèmine asistans finansyè pou pasyan yo nan Nationwide Children's Hospital (Nationwide Children's) ak Antite ki Afilye avè I yo ki nan nesesite finansyè. Politik sa a tabli yon pwoesisis pou estaf nan Depatman Kont Pasyan yo, lòt pèsònèl lopital la, ak reprezantan Vandè Ekstèn yo pou idantifye pasyan sa yo ak fanmi yo ki elijib pou swen gratis oswa a pri redui. Depatman Kont Pasyan Nationwide Children's lan gen dènye mo a pou detèmine si yon moun elijib pou asistans finansyè epi pou detèmine si gen aksyon rezonab ki poze anvan Nationwide Children's angaje nan Aksyon Kòlèk Lajan Estrawòdinè. Kritè pou w elijib pou asistans finansyè yo aplikab pou tout pasyan kèlkeswa ras, koulè, kwayans, orijin etnik, orijin nasyonal, laj, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite jan, reliyon, oswa andikap.

Sèvis ki kouvri nan kad politik sa a gen ladan yo tout ijans ak lòt Swen Medikal Nesesè ke Nationwide Children's ak Antite ki Afilye avè I yo bay.

Nationwide Children's ap bay tout moun, san diskriminasyon, swen pou kondisyon medikal an ijans kit yo elijib ou non pou asistans finansyè. Nationwide Children's dwe konfòme I ak Lwa sou Tretman Ijans Medikal ak Travay la (Emergency Medical Treatment and Labor Act, EMTALA) lè I fè egzamen depistaj medikal ak trètman pou stabilize epi bay referans oswa transfere yon moun nan yon lòt etablisman, lè sa apwopriye, epi bay sèvis ijans an akò ak 42 CFR 482.55 (oswa nenpò lwa ki vini aprè I). Nationwide Children's kondane nenpòt aksyon ki ta ka dekoraje moun nan chèche swen medikal an ijans, tankou nan mande pou pasyan depatman ijans yo peye anvan yo resevwa tretman pou kondisyon medikal ijans yo oswa nan otorize aktivite pou kolekte dèt ki entèfere ak bay swen medikal an ijans lan, san diskriminasyon.

### DEFINISYON:

Antite ki Afilye yo - Konpayi afilye yo ke Nationwide Children's Hospital posede epi ki bay Swen ijans ak lòt Swen ki Nesesè nan Domèn Medikal nan lopital la sa ki gen ladann Children's Anesthesia Associates, Children's Radiological Institute, Children's Surgical Associates, Pediatric Academic Association, ak Pediatric Pathology Associates of Columbus. Menmsi Children's Community Practices pa bay swen pasyan nan lopital la, se pou Nationwide Children's Hospital li ye e li ofri asistans finansyè an akò ak politik sa a.

Montan Faktire an Jeneral (Amounts Generally Billed, AGB) - Montan Nationwide Children's faktire pasyan ki gen asirans yo an jeneral.

Vandè Ekstèn - Konpayi yo bay kontra pou aji antanke ajan nan sa ki gen pou wè ak fakti epi kòlèk lajan.

Aksyon Kòlèk Lajan Estrawòdinè - Aksyon Nationwide Children's poze kont yon moun nan sa ki gen rapò ak jwenn pèman yon fakti pou swen ki kouvri anba Politik Asistans Finansyè sa a ki tabli nan 26 CFR 1.50(r)-6(b) (oswa nenpòt lwa ki vini aprè I).

Gwosè Fanmi - Li dwe genyen pasyan an, konjwen pasyan an, kit konjwen an ap viv oswa pa p viv nan kay la, ansam ak tout pitit pasyan an, natirèl oswa adoptif, ki poko gen dizuit lane k ap viv nan kay la. Si pasyan an poko gen dizuit lane,

“fanmi” an dwe genyen pasyan an, paran natirèl oswa adoptif pasyan an (kit y ap viv oswa p ap viv nan kay la), ak ptit paran an (yo), natirèl oswa adoptif ki poko gen dizuit lane k ap viv nan kay la.

Politik Asistans Finansyè (Financial Assistance Policy, FAP).

Echèle Povrete Federal (Federal Poverty Level, FPL) - Yon mezi gouvènman Ameriken an defini sou baz yon revni anyèl ak gwochè fanmi an pou endike limit povrete a.

Chaj Global - Montan ki chaje pou swen medikal.

Revni Global - Total revni anvan yo pran nenpòt dediksyon.

Revni - Li gen ladann tout sous revni tankou, men se pa sèlman salè anvan taks, revni lokasyon, alokasyon chomaj, alokasyon sekirite sosyal, ak asistans piblik.

Swen Medikal ki Nesèsè - Sèvis oswa atik swen sante ki nesesè pou fè prevansyon, dyagnostike, oswa trete yon gwo maladi, blesi, kondisyon, ti maladi, oswa sentòm li yo e sa fèt selon estanda lamedsin ki aksepte yo.

Responsablitè Pasyan - Montan yon moun responsab pou peye aprè tout pèman asirans (sa gen ladann peyè komèsyal ak gouvènmantal), dediksyon, ak rabè fin aplike sou fakti yon pasyan.

## **ENSTRIKSYON:**

### **Kritè Kalifikasyon**

Nenpòt pasyan k ap resevwa oswa chèche resevwa Swen ijans oswa lòt Swen Medikal ki Nesèsè nan Nationwide Children's ka aplike pou asistans finansyè; sepandan, kritè ki itilize pou evalye kalifikasyon ka differan sou baz ki kote pasyan an rezide nan ka kote yon pasyan ap chèche swen ki pa ijan.

Rezidan Ohio yo k ap mande asistans finansyè ap jwenn ankourajman, men se pa obligatwa, pou yo aplike anvan pou asistans gouvènmantal ki disponib sa gen ladann, men se pa sa sèlman, Ohio Medicaid (Healthy Start ak Healthy Families), Pwogram Asirans Swen Lopital Ohio a (Ohio Hospital Care Assurance Program, HCAP), ak asistans Konsèy Alkòl, Dwòg ak Sante Mantal (Alcool, Drug and Mental Health, ADAMH). Rezidan Ohio yo ki egzante de taks Sekirite Sosyal ak Medicare dwe soumèt yon fòm ki ranpli 4029 “Aplikasyon pou Egzonerasyon Nan Sekirite Sosyal ak Taks Medicare epi Renonsyasyon Avantaj” yon fason pou elimine egzijans sa a. Pasyan ki se rezidan Ohio men ki pa kalifye pou resevwa avantaj anba pwogram sa yo ak pasyan ki pa rezidan Ohio ki resevwa swen medikal an ijans nan Nationwide Children's ka kalifye pou asistans finansyè sou baz Revni Global total ak Gwochè Fanmi an jan sa ye annapre a:

- Revni nan 200% Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL) oswa mwens ap redui a 100% nan Responsablitè Pasyan an.
- Revni ant 201% ak 250% FPL la ap redui a 80% nan Responsablitè Pasyan an.
- Revni ant 251% ak 300% FPL la ap redui a 60% nan Responsablitè Pasyan an.
- Revni ant 301% ak 400% FPL la ap redui a 45% nan Responsablitè Pasyan an.

Rezidan Ohio yo ak revni familyal ki plis pase 200% FPL la men ki mwens ke 450% FPL la ki gen fakti Nationwide Children's ki depase 20% nan revni anyèl fanmi an nan kay la ap konsidere antanke endijan medikal pou objektif politik sa a. Fanmi ki endijan medikal ap kalifye pou yon pi gwo rabè nan Responsablitè Pasyan an pou yon montan k ap fè Responsablitè Pasyan an pou fanmi an pou tout fakti Nationwide Children's yo egal yon pouvantaj (%) nan revni anyèl fanmi an nan kay la jan yo di sa pi ba a:

- Revni nan 200% Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL) oswa mwens ap redui a 100% nan Responsablitè Pasyan an.
- Revni ant 201% ak 250% FPL la ap redui a yon balans ki egal 5% nan revni anyèl fanmi an nan kay la.
- Revni ant 251% ak 300% FPL la ap redui a yon balans ki egal 7% nan revni anyèl fanmi an nan kay la.
- Revni ant 301% ak 450% FPL la ap redui a yon balans ki egal 10% nan revni anyèl fanmi an nan kay la.

Rezidan Etazini ki pa Ohio ki mande asistans finansyè pou swen medikal ki pa ijan yo dwe apwouve alavans pou asistans finansyè anvan yo resevwa swen ki pa ijan konsa. Pwosesis apwobasyon alavans lan ap mande pou moun nan soumèt jistifikasiyon medikal pou sèvis y ap bay nan Nationwide Children's konpare ak yon etablisman swen sante nan eta kote pasyan an rezide a. Nationwide Children's ak pasyan Nationwide Children's detèmine pral revize Jistifikasiyon konsa ki te

soumèt jistifikasyon medikal ki apwopriye ka kalifye pou asistans finansyè sou baz Revni Global total ak Gwosè Fanmi an jan sa ye annapre a:

- Revni nan 200% Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL) oswa mwens ap redui a 100% nan Responsablitè Pasyan an.
- Revni ant 201% ak 250% FPL la ap redui a 80% nan Responsablitè Pasyan an.
- Revni ant 251% ak 300% FPL la ap redui a 60% nan Responsablitè Pasyan an.
- Revni ant 301% ak 400% FPL la ap redui a 45% nan Responsablitè Pasyan an.

Moun ki pa rezidan Etazini ki mande asistans finansyè pou swen ki pa ijans yo dwe apwouve alavans pou asistans finansyè anvan yo resevwa swen ki pa ijans konsa an akò ak Politik ak Pwosedi pou Pasyan Charite Entènasyonal nan Nationwide Children's. Komite Pilotaj Nationwide Children's pou Pasyan Entènasyonal detèmine kalifikasyon yon pasyan entènasyonal pou swen charite sou baz plizyè kritè, sa gen ladann entèvansyon medikal ki nesesè a, pwobabilitè pou entèvansyon an reyisi rezoud pwoblèm medikal ki egziste a epi byen jere aprè entèvansyon an, si Nationwide Children's se sèl kote ki ka fè entèvansyon sa a, disponiblite sèvis konsa nan peyi rezidans pasyan an, restriksyon bidjetè, ak lòt kritè konsa jan Komite Pilotaj la ka detèmine sa apwopriye pou asire resous swen charite Nationwide Children's pou ka entènasyonal yo byen itilize yon fason ki efikas. Enfòmasyon konsènan disponiblite swen charite pou pasyan entènasyonal yo disponib lè w kontakte Sant Akèy Nationwide Children's lan.

Benefisyè Medicaid ki resevwa Swen Medikal ki Nesèsè Medicaid pa kouvri ap genyen 100% nan Responsablitè Pasyan an pou Swen Medikal ki Nesèsè konsa radui otomatikman. Yon aplikasyon pou asistans finansyè pap obligatwa nan sikontans sa yo.

Fanmi ki bay Depatman Kont Pasyan Nationwide Children's yon Fòm 4029 IRS ki ranpli oswa lòt dokiman ki akseptab pou Nationwide Children's konfime ke fanmi an abandone dwa pou I jwenn avantaj gouvènman an akoz reliyion fanmi an ap kalifye pou yon rabè nan Responsablitè Pasyan an ki egal ak sa yo te bay nan FAP sa a pou moun ki gen revni ant 301% ak 400% FPL la. Yon aplikasyon pou asistans finansyè p ap obligatwa nan sikontans sa yo.

Malgre sa ki sot di a, pou sèvis ki bay nan yon Lopital Nationwide Children's ki sèvi antanke yon sit Kò Sèvis Sante Nasional (National Health Services Corps, NHSC), ki idantife sou Atachman 1 la a, kalifikasyon pou asistans finansyè ap baze sèlman sou gwosè fanmi an ak revni li (san konte estati rezidans) epi y ap bay li sou echèl mobil yo te tabli nan Atachman 1 an.

Fanmi ki gen adrès "Tant Sanzabri" ap kalifye pou yon rabè 100% nan Responsablitè Pasyan an. Yon aplikasyon pou asistans finansyè pap obligatwa nan sikontans sa yo.

Depatman Kont Pasyan Nationwide Children's lan gen dènye mo a pou detèmine kalifikasyon pou asistans finansyè nan kad politik sa a.

### **Baz kalkil montan yo mande pou pasyan yo Peye**

Montan yo chaje pasyan ki kalifye pou asistans finansyè anba FAP sa a pou ijans ak Swen Medikal ki Nesèsè yo p ap depase AGB. Nationwide Children's kalkile AGB lè I itilize metòd Gade-Dèyè a, jan yo defini sa nan règleman federal yo, sou baz tout reklamasyon ki aplikab nan Medicare peye-pou-sèvis ak tout konpayi asirans sante yo sou yon peryòd 12 mwa, divize ak Chaj Global Nationwide Children's pou reklamasyon sa yo. Nationwide Children's fè mizajou nan kalkil AGB li yo nan dat 1ye Janvye chak ane lè I itilize done sou peryòd 12 mwa ki fini nan dat 30 Septanm ki vini tousuit anvan 1ye Janvye. Pou ane sivil 2025 lan, AGB a egal 78.4%.

Yon moun ki kalifye pou asistans finansyè gen pou I peye sèlman pou montan li responsab pèsonèlman pou I peye, aprè tout dediksyon ak rabè (sa gen ladann rabè ki disponib anba FAP la) ki fin aplike epi mwens nenpòt montan konpayi asirans yo ranbouse (sa gen ladann ni peyè komèsyal ni gouvènmantal).

### **Metòd pou Aplike pou Asistans Finansyè**

Pou yo gade si w ka jwenn asistans finansyè, moun nan dwe aplike pou asistans finansyè ak Depatman Kont Pasyan yo nan Nationwide Children's. Moun k ap chèche asistans finansyè sou baz Politik sa a nan nivo rabè 100% (sa vle di moun revni familyal yo 200% FPL la oswa mwens) dwe ranpli yon Aplikasyon Asistans Finansyè epi bay enfòmasyon ak

dokiman yo site nan Aplikasyon Asistans Finansyè a. Siyati elektwonik nan aplikasyon an akseptab. Tout lòt aplikan yo ka bay enfòmasyon ki nesesè yo nan Depatman Kont Pasyan yo nan telefòn, li pa nesesè pou w fè yon aplikasyon papye. Nationwide Children's rezèv dwa pou l mande kopi koupon pèman yo, W-2 yo, ak deklarasyon enpo sou revni.

Yon Aplikasyon Asistans Finansyè (swa alekri oswa nan telefòn, jan yo tabli sa pi wo a) dwe fèt jan yo di sa annapre yo:

- Sèvis deyò lopital la pou pasyan ki nan oswa pi ba 100% FPL a HCAP kouvri epi, konsa, egzije yon nouvo aplikasyon chak 90 jou apati dat inisyal sèvis la. Sèvis deyò lopital la pou tout lòt pasyan egzije yon nouvo aplikasyon chak 180 jou apati dat inisyal sèvis la. Benefisyè pwogram Asistans Andikape (Disability Assistance, DA) a oswa pwogram ki vin annapre l anba HCAP dwe soumèt yon nouvo aplikasyon chak mwa.
- Chak admisyon pou ospitalizasyon, amwenske pasyan an antre nan espas 45 jou egzeyat pou menm pwoblèm nan, dwe gen pwòp aplikasyon asistans finansyè li. Admisyon ki fèt annapre ka sou menm aplikasyon an, men sèlman si se nan espas 45 jou epi pou yon pwoblèm menm jan an. Kont pasyan deyò yo ka ajoute nan yon aplikasyon ki gen yon kont deyò ladann, men yon vizit ospitalizasyon pa ka ajoute nan yon aplikasyon ki gen kont deyò lopital la.

Nationwide Children's pa itilize kritè kalifikasyon FAP alavans pou detèmine si yon moun kalifye pou asistans finansyè anba politik sa a.

#### Sa ki sanble Kalifikasyon pou Asistans Finansyè

Nationwide Children's Hospital ka itilize yon lòt antite pou fè yon revizyon sou enfòmasyon pasyan an pou evalye kritè FAP yo pou pi gwo asistans ki disponib anba FAP la. Revizyon ak analiz sa a itilize yon modèl swen sante yo rekonèt nan endistri a, ki fè previzyon. Revizyon konsa p ap itilize pou detèmine sa ki sanble kalifikasyon pou mwens pase pi gwo asistans ki disponib anba FAP la.

#### Mezi Yo Ka Pran yo sizoka Pèman an Pa Fèt

Nationwide Children's ap fè tout sa l kapab pou kolekte dèt la epi fè efò rezonab pou detèmine si yon moun kalifye daprè FAP anvan li angaje nan Aksyon Kòlèk Lajan Estrawòdinè. Efò rezonab konsa ap gen ladan yo voye eta kont epi fè apèl nan telefòn pou moun ki responsab pou peye a selon dat ki annapre yo pandan 120 premye jou egzeyat la. Nationwide Children's ka itilize sèvis yon Vandè Ekstèn pou asiste nan kòlèk lajan dèt.

0 - 30 jou	Premye eta kont lan ale, ansanm ak avi alekri pou di gen asistans finansye ki disponib, fòm aplikasyon FAP la, ak fason moun nan ka jwenn asistans nan pwosesis aplikasyon FAP la.
31- 60 jou	Dezyèm eta kont lan ale, ansanm ak yon rezime byen klè FAP la ak yon avi ke Nationwide Children's gen entansyon rapòte kont ki pa peye a bay yon biwo kredi si montan sa yo pa peye nan espas 365 jou apati premye eta kont aprè egzeyat la. Anplis de sa, gen yon apèl nan telefòn ki fèt pou bay moun nan notifikasyon vèbal konsènan FAP Nationwide Children's lan ak fason moun nan ka jwenn asistans nan pwosesis aplikasyon FAP la.
61 - 90 jou	Twazyèm eta kont lan ale, ansanm ak yon rezime byen klè FAP la ak yon avi ke Nationwide Children's gen entansyon rapòte kont ki pa peye a bay yon biwo kredi si montan sa yo pa peye nan espas 365 jou apati premye eta kont aprè egzeyat la. Anplis de sa, gen yon (1) apèl nan telefòn ki fèt pou bay moun nan notifikasyon vèbal konsènan FAP Nationwide Children's lan ak fason moun nan ka jwenn asistans nan pwosesis aplikasyon FAP la.
91 - 120 jou	Katriyèm eta kont lan ale, ansanm ak yon rezime byen klè FAP la ak yon avi ke Nationwide Children's gen entansyon rapòte kont ki pa peye a bay yon biwo kredi si montan sa yo pa peye nan espas 365 jou apati premye eta kont aprè egzeyat la. Anplis de sa, gen de (2) apèl nan telefòn ki fèt pou bay moun nan notifikasyon vèbal konsènan FAP Nationwide Children's lan ak fason moun nan ka jwenn asistans nan aplikasyon FAP la.

Anplis de avi alekri pou di gen asistans finansye ki disponib, fòm aplikasyon FAP la, ak enfòmasyon sou fason moun nan ka jwenn asistans nan pwoesisi aplikasyon FAP la, tout eta kont yo ap genyen adrès sit entènèt la dirèkteman kote ou ka jwenn kopi FAP la, fòm aplikasyon FAP la, ak yon rezime byen klè FAP la.

Nationwide Children's ka rapòte kont ki pa peye yo bay biwo kredi a aprè 1 lane apati dat eta kont inisyal la. Si fakti yon moun konpile ansanm pou kouvri plizyè epizòd swen, yo pap rapòte yon kont ki pa peye bay yon biwo kredi jiskaske omwen 120 jou pase aprè premye eta kont aprè egzeyat la pou epizòd swen ki pi resan ki nan konpilasyon an.

Si yon moun soumèt yon aplikasyon FAP ki pa konplè pandan peryòd aplikasyon an (sa vle di nan espas 240 jou aprè premye eta kont aprè egzeyat la), Nationwide Children's dwe bay moun nan yon avi alekri ki dekri enfòmasyon anplis la ak/oswa dokiman ki obligatwa anba FAP la oswa fòm aplikasyon FAP ki dwe soumèt pou komplete aplikasyon FAP la ansanm ak enfòmasyon kontak pou depatman nan Nationwide Children's ki ka bay enfòmasyon konsènan FAP la e ki ka bay asistans nan pwosesis aplikasyon an. Nationwide Children's ap sispann nenpòt Aksyon Kòlèk Lajan Estrawòdinè (epi, si sa aplikab, enfòme Vandè Ekstèn li yo pou sispann efò sa yo) jiskaske Nationwide Children's detèmine kalifikasyon moun nan pou asistans finansyè anba FAP la oswa moun nan pa reponn demann pou enfòmasyon anplis ak/oswa dokiman nan yon kantite tan ki rezonab.

Apati dat yo resevwa yon aplikasyon FAP konplè pandan peryòd aplikasyon an, Nationwide Children's pral detèmine si wi oswa non moun nan kalifye selon kritè FAP pou swen an epi fè moun nan konnen alekri sa yo detèmine sou kalifikasyon sa a (sa gen ladann, si sa aplikab, asistans moun nan kalifye pou li a) ak baz pou detèminasyon sa a. Si yo detèmine moun nan kalifye pou asistans ki diferan de swen gratis, Nationwide Children's ap:

- Bay moun nan yon eta kont ki di montan moun nan dwe pou swen an antanke yon moun ki kalifye pou FAP ak kijan yo te detèmine montan an. Eta kont konsa ap dekri tou fason moun nan ka jwenn enfòmasyon konsènan AGB pou swen an.
- Ranbouse moun nan nenpòt kantite lajan li te peye pou swen ki depase kantite lajan ki detèmine pou li pèsonèlman responsab pou peye antanke yon moun ki kalifye pou FAP.
- Pran tout mezi rezonab ki disponib pou ranvèse nenpòt Aksyon Kòlèk Lajan Estrawòdinè yo te pran kont moun nan pou jwenn pèman konsa.

Si yon moun soumèt yon aplikasyon FAP epi, anvan Nationwide Children's detèmine si moun nan kalifye pou FAP, moun nan aplike pou kalifikasyon Medicaid, Nationwide Children's ap repòte moman l ap detèmine si moun nan kalifye pou FAP, e li p ap angaje nan nenpòt Aksyon Kòlèk Lajan Estrawòdinè kont moun nan, jiska aprè aplikasyon Medicaid moun nan fin komplete epi soumèt e yo déjà detèmine kalifikasyon moun sa a pou Medicaid.

### **Lis Founisè Ki Bay Swen Ijans ak Lòt Swen Medikal ki Nesèsè nan Nationwide Children's**

Yon lis detaye sou founisè ki bay Swen Ijans ak lòt Swen Medikal ki Nesèsè nan Nationwide Children's epi si FAP Nationwide Children's la kouvrì sèvis pwofesyonèl yo a ka disponib pou wè sou <http://www.nationwidechildrens.org/financial-assistance>, oswa ou ka jwenn yon kopi papye lè w kontakte depatman ki nan lis pi ba a anba Enfòmasyon Kontak.

### **Disponiblite Politik Asistans Finansyè a, Rezime Politik Asistans Finansyè a ak Aplikasyon Asistans Finansyè nan Langaj ki Klè**

Aksè Sit Entènèt la

<https://www.nationwidechildrens.org/your-visit/billing-and-insurance/financial-assistance>

Kopi Papye

- Disponib sou demann gratis pou pasyan an oswa moun ki responsab la.
- Yo ofri kopi papye yo lè prizanchaj la nan nenpòt zòn admisyon oswa anrejistreman sou kanmpis prensipal Nationwide Children's la (sa gen ladann Sal Ijans lan) ak lokal ki lòt kote.
- Lèt ak Aplikasyon Asistans Finansyè yo al jwenn pasyan yo ak/oswa paran yo atravè lapòs depi yo mande sa.
- Tout eta kont yo genyen Aplikasyon Asistans Finansyè a nan do eta kont lan ansanm ak enfòmasyon kontak pou depatman ki ka bay asistans ak aplikasyon an.

Notifikasyon ak Enfòmasyon yo Bay Pasyan Etablisman Ospitalye yo

- Pano ki sitiye nan nenpòt zòn admisyon oswa anrejistreman sou kanmpis prensipal Nationwide Children's la (sa gen ladann Sal Ijans lan) ak lokal ki lòt kote pou fè pasyan yo oswa moun ki responsab yo konnen asistans finansyè ki disponib.
- Apèl telefonik otomatik ki ofri asistans finansyè ki fèt aprè dezyèm eta kont lan fin soti.
- Konseye Finansye Nationwide Children's yo vizite pasyan ki nan nesesite asistans finansyè nan chanm pa yo oswa nan klinik yo.

Fè Konnen epi Enfòme Kominote a an Jeneral

- Ou ka jwenn FAP la, Rezime Byen Klè FAP la ak Aplikasyon Asistans Finansyè a sou [www.NationwideChildrens.org](http://www.NationwideChildrens.org).

- Epitou Nationwide Children's pataje regilyèman Rezime byen Klè FAP la ak Aplikasyon Asistans Finansyè a ak Sant Sante Federal Kalifye yo nan Konte Franklin epitou ak doktè ki baze nan kominote a ki se manm estaf medikal Nationwide Children's konsa dokiman yo ap toujou disponib pou pasyan founisè sa yo.

**Dokiman ki Tradui**

- Politik Asistans Finansyè a, Aplikasyon Asistans Finansyè a, ak Rezime Byen Klè FAP la ap disponib nan lang chak gwoup langaj ki limite nan Anglè (limited English proficiency, LFP) pale ki se sa ki pi piti nan 1,000 oswa 5 pousan nan Konte Franklin oswa lòt moun nan degré rezonab ki ka afekte pa Nationwide Children's. Direktè Kont Pasyan yo ap responsab pou revize bezwen lang lan chak ane epi mete vèsyon dokiman yo ki tradui disponib depi sa nesèsè.

**Enfòmasyon Kontak**

Konseye	Adrès	Telefòn
<b>Nationwide Children's Konseye Finansye</b>	Biwo Admisyon 700 Children's Drive oswa sou randevou nan nenpòt adres Nationwide Children's yo	<b>(614) 722-2070</b>
<b>Nationwide Children's Sèvis Kliyantèl</b>	Kont Pasyan Apèl Telefonik Sèlman	<b>(614) 722-2055</b>

**Komite Bidjè a Apwouve, Finans ak Kontwòl Entèn  
nan Konsèy Direktè Nationwide Children's Hospital  
nan dat 26 Novanm 2024:**

---

Nelson Weichold  
Direktè Finansye

---

Dat

## **Atachman 1**

Lokal Nationwide Children's Hospital ki sèvi antanke Kò Sèvis Sante Nasyonal (Sit NHSC):

- Nationwide Children's Hospital – Hilltop Primary Care Center, sitiye nan 2857 W. Broad St., Columbus, OH 43204
- Nationwide Children's Hospital – Westside Primary Care Center, sitiye nan 441 Industrial Mile Rd., Columbus, OH 43228
- Nationwide Children's Community Dental, ID 8824118297, sitiye nan 2900 Inspire Dr, Columbus, OH 43224
- Downtown Primary Care-Nationwide Children's, ID 5049039152, sitiye nan 380 Butterfly Gardens Dr, Columbus, OH 43215
- Ft. Hayes School-Based Health Center, ID 4381469266, sitiye nan 468 Cleveland Avenue, Columbus, OH 43215
- Mt. Vernon School-Based Health Center, ID 6889084140, sitiye nan 300 Yellow Jacket Drive, Mt. Vernon, OH 43035
- Nationwide Children's Hospital Dental Clinic, ID 8508021858, sitiye nan 380 Butterfly Gardens Dr., Columbus, OH 43215
- West High School School-Based Health Center, ID 5140715017, sitiye nan 179 S. Powell Avenue, Columbus, OH 43204
- South High School School-Based Health Center, ID 4501922318, sitiye nan 1160 Ann St., Columbus, OH 43206
- Near East Primary Care, ID 9332228635, sitiye nan 1125 East Main Street, Columbus, OH 43205
- East High School School-Based Health Center, ID 4377185057, sitiye nan 1500 E. Broad St., Columbus, OH 43205

Rabè kont mobil disponib pou sèvis ki bay nan lokal ki pi wo yo:

- Revni nan 200% Nivo Povrete Federal la (Federal Poverty Level, FPL) oswa mwens ap redui a 100% nan Responsabilite Pasyan an.
- Revni ant 201% ak 250% FPL la ap redui a 80% nan Responsabilite Pasyan an.
- Revni ant 251% ak 300% FPL la ap redui a 60% nan Responsabilite Pasyan an.
- Revni ant 301% ak 400% FPL la ap redui a 45% nan Responsabilite Pasyan an.